

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngainvéntarisasi sarta maluruh puisi mantra di Kecamatan Situraja, Kabupatén Sumedang. Nilik kana kaayaan puisi mantra kiwari geus kadéséh ku jaman. Puisi mantra téh kaasup kana bagian tina puisi sunda buhun anu dipercaya miboga kakuatan magis. Tina hasil data nu kapanggih masih kénéh aya sawatara mantra di Kecamatan Situraja, Kabupatén Sumedang anu dipiboga ku jalma-jalma nu teu sagawayah, ngan dipimilik ku jalma anu jadi tempat pananyaan. Désa di Kecamatan Situraja, Kabupatén Sumedang jumlahna aya 15 désa. Tina 15 désa anu dijadikeun lokasi dina ieu panalungtikan aya 4 désa nyaéta: Désa Situraja, Désa Situraja Utara, Désa Mekarmulya, jeung Désa Malaka.

Struktur puisi mantra anu dianalisis na nyaéta wangun jeung wirahma, purwakanti, bangbalikan sarta citraan mantra. Anapon tiori nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta tiori struktur puisi mantra Rusyana, Isnendes nu digunakeun dina masing-masingkeun mantra, Salmun jeung Waluyo nu digunakeun dina nganalisis struktur citraan. Ieu panalungtikan ngagunakeun métode déskriptif. Anapon instrumén nu digunakeun nyaéta instrumén padika wawancara, kartu data analisis struktural puisi mantra.

Dumasar hasil panalungtikan, puisi mantra anu kapanggih di Kecamatan Situraja, Kabupatén Sumedang aya 105 mantra nu dipasing-pasing jadi genep gundukan, nu ngawengku: 22 asihan, 22 jangjawokan, 38 ajian, 6 singlar, 3 rajah, 14 jampé. Ieu papasingan dumasar kana téori Rusyana jeung konsép kritéria papasingan mantra Isnendes, nu ngelompokeun mantra dumasar kana fungsi jeung tujuan makéna. Anapon mantra anu di analisis dina ieu panalungtikan aya 25 atawa 23,80% mantra, nu ngawengku salapan asihan, opat jangjawokan, opat ajian, dua singlar, hiji rajah, jeung lima jampé.

Hasil analisis tina 25 mantra anu aya di Kecamatan Situraja, Kabupatén Sumedang. Tina analisis wangun jeung wirahma henteu matok bisa katitén puisi

mantra diwangun ku 4 padalisan, 5 padalisan, 6 padalisan, 7 padalisan, 8 padalisan, 9 padalisan, 10 padalisan, 13 padalisan, 14 padalisan, 15 padalisan, 16 padalisan, 17 padalisan, jeung 20 padalisan. Jumlah nu loba kapanggih dina unggal padalisan aya 8 engang, tina 8 engang dijieun kana 2 paro jeung 3 paro, anu 2 paro dijieun pola 4-4, 2-6, 3-5 jeung 5-3 sedengkeun nu 3 paro polana 2-4-2, 3-3-2 jeung 2-3-3. Purwakanti anu mindeng kapanggih nyaéta purwakanti maduswara, purwakanti laraswekas, purwakanti mindoan kawit, laraspurwa, pangluyu, margaluyu, anapon purwakanti anu teu kapanggih dina ieu panalungtikan nyaéta purwakanti cakraswara. Bangbalikan anu réa kapanggih nyaéta bangbalikan rantay rakitan a b/ a c, jeung bangbalikan runtuy puhu, runtuy tengah, ogé runtuy pungkas-muhu, runtuy puhu jeung runtuy tengah. Anapon citraan nu kapanggih dina ieu panalungtikan réana citraan panempo (visual) jeung pangrasa (taktil). Citraan anu jarang kapanggih nyaéta citraan pangrungu (audio).

5.2 Implikasi

Puisi mantra mangrupa salah sahiji karya sastra Sunda buhun nu euyeub ku ajén-ajén nu bisa dijadikeun picontoeun pikeun kahirupan sapopoé. Hasil ieu panalungtikan dipiharep bisa mangpaat, salah sahijina pikeun kamekaran karya sastra Sunda hususna puisi mantra. Éta hal minangka salah sahiji tarékah pikeun ngumpulkeun karya sastra buhun anu geus kadéséh ku kamekaran jaman, sarta miboga tujuan pikeun ngawanohkeun kabeungharan sastra Sunda ka generasi satuluyna.

5.3 Saran

Puisi mantra mangrupa karya sastra anu miboga kabeungharan budaya urang Sunda nu luhung ku ajénna tur diwangun ku sababaraha unsur pangwangunna. Puisi mantra di masarakat sumebar sacara lisan. Salian ti éta, dina nalungtik ieu mantra téh tangtu réa pisan mangpaatna, utamana bisa jadi nambahan pangaweruh ngeunaan kabeungharan karya sastra, hususna karya sastra Sunda buhun. Dumasar kana hasil panalungtikan, aya sababaraha saran pikeun mahasiswa, panalungtik satuluyna jeung masarakat umum.

Saran pikeun mahasiswa, dipiharep ieu panalungtikan bisa dijadikeun réferénsi, jeung bacaeun, hususna nu patali jeung ulikan struktural puisi mantra.

Saran pikeun panalungtik satuluyna, nalungtik karya sastra buhun téh kudu sabar jeung taliti utamana dina ngumpulkeun jeung nganalisis datana. Nalika ngumpulkeun mantra, genteu saeutik nu nolak atawa hésé pikeun mikeun mantra ka nu nalungtik.

Saran pikeun masarakat jeung lembaga kabudayaan, sanggeus aya ieu hasil panalungtikan dipiharep bisa diwanohkeun ka balaréa sangkan balaréa nyaho jeung wanoh kana salah sahiji sastra Sunda buhun. Salian ti éta, pikeun Lembaga Kabudayaan Kecamatan Situraja, Kabupatén Sumedang dipiharep bisa ngainvéntarisasi atawa ngumpulkeun seni jeung kabudayaan Sunda nu aya di wilayah pamaréntahanana, sangkan bisa dipikanyaho ku balaréa.